



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OTORITE ENÈJI NOUYÒK AK VIL ALBANY PRAL  
KO-DEVLOPE PWOJÈ ENÈJI SOLÈ 1.5 MW ANLÈ  
DECHAJ NAN NÒ ALBANY AN**

*Pwojè Enèji Renouvlab NYPA pral benefisyé rezidan ki gen revni mwayen ak revni  
ki ba yo atravè Pwogram REACH NYPA a*

*Pwodiksyon Enèji Solè Fotovòltayik la pral retire yon estimasyon 21,995 tòn gaz a  
efè sèr nan lè a*

*Yo rekonèt Vil Albany tou kòm Kominote Klima Entelijan pou lidèchip ak  
akonplisman li nan aksyon klimatik*

*Gade [Imaj Foto](#) Pwojè Enèji Solè Nò Alany yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ak Vil Albany ap ko-devlope yon nouvo pwojè enèji solè 1.5 megawatt nan dechaj fème Shaker Park/Nò Albany. Yo estime fèm solè sou sòl la ap anliy an 2027 epi l ap alimante ekivalan plis pase 200 kay. Se premye pwojè enèji renouvlab NYPA nan pwogram Aksè nan Enèji Renouvlab ak Èd Kominotè (Renewable Energy Access and Community Help, REACH) ki fèk etabli a, k ap diminye depans enèji pou rezidan zòn revni mwayen ak revni ki fèb nan Albany ak Nouyòkè ki kalifye nan zòn alantou yo. Nan evènman lansman pwojè solè dechaj la jodi a, Depatman Prezèvasyon Anviwòmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk la te rekonèt Vil Albany dèské li atenn estati ajan, ki se nivo sètifikasyon ki pi elve antanke yon Kominote Klima Entelijan.

"Lè nou transfòme dechaj Nò Albany a an yon sous enèji pwòp, sa se prèv de angajman inebranlab nou pou kreye yon sistèm elektrik ki pi abòdab epi pi fyab pou tout Nouyòkè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè kolaborasyon ak pwojè sa, NYPA ap ogmante efò li pou devlope nouvo enèji renouvlab pandan l ap benefisyé rezidan nan zòn revni mwayen ak revni ki fèb yo an menm tan ak kredi bòdwo atravè nouvo pwogram REACH li a. Pwojè sa reflete fokis nou tou sou reafektasyon sit ki mal itilize yo pou atenn objektif klima ambisyé nou yo nan fason ki entelijan, epi dirab."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll te deklare**, "Dezyèm pwojè enèji pwòp Otorite Enèji nan kad Plan Estratejik pou Enèji Renouvlab li a se yon patenarya ak Vil Albany epi k ap transfòme yon dechaj fème an yon etablisman enèji solè 1.5 MW k ap alimante ekivalan plis pase 200 kay vè 2027. Pwojè sa se premye pwogram tou k ap fè pati nouvo pwogram REACH NYPA a, ki te fêt pou sipòte dirabilite enèji pou rezidan revni mwayen ak revni ki fèb yo, k ap favorize angajman nou pou yon avni enèji ki pi pwòp, pi ekitab pou tout Nouyòkè."

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare**, "Pwojè enèji solè dechaj Nò Albany an se pwochen etap pou pote plis benefis enèji solè pou rezidan Vil Albany yo epi pou diminye emisyon gaz efè sèr yo. Albany angaje pou vin yon vil ki gen zewo emisyon nè vè 2050 e ak pwojè inovan tankou sa se egzakteman konsa n ap atenn objektif sa. Nou pa ka remèsye Gouvènè Hochul ak Prezidan Driscoll ase pou angajman ak investisman nan enèji pwòp."

Pwojè Wout Shaker/Nò Albany an se youn nan premye pwojè ki te devlope dapre [Plan Estratejik pou Enèji Renouvlab](#) NYPA a. Plan an se yon fèy de wout pou devlopman enèji NYPA dapre otorite elaji li pou konstwi resous enèji renouvlab adisyonèl pou ede fè pwogrese objektif klima Eta Nouyòk yo. Pwojè a ap konstui a kote syèj sosyal Depatman Sèvis Jeneral (Department of General Services) vil la epi l ap ranfòse pi plis angajman Majistra Albany an, Kathy Sheehan, nan anviwònman ak objektif dirabilite vil la. Yo te chwazi sit dechaj Nò Albany an apre yon evalyasyon pwolonje plizyè sit pa Biwo Dirabilite Albany an (Albany's Office of Sustainability) nan kooperasyon ak NYPA. Anplis kontra yo siyen an, Vil Albany ak Otorite Enèji te konplete etid pre-fezabilite pou sit Power Authority have completed pre-feasibility studies fla e l ap vanse kounye a nan pwochen faz devlopman yo, ki enkli pou prepare epi soumèt yon aplikasyon entèkoneksyon ak sèvis publik lokal la.

Se premye pwojè k ap devlope atravè nouvo pwogram REACH NYPA a, k ap bay kredi sou bòdwo pou fanmi a revni mwayen ak revni ki fèb ki kalifye yo lè pwojè a soti an 2027. Sila yo ki enskri nan [Pwogram Aksè nan Enèji \(Energy Affordability Program, EAP\)](#) ak pwogram Enèji Solè pou Tout Moun nan Tout Eta a (Statewide Solar for All) ka kalifye pou kredi sou bòdwo pa mwa ki otomatik atravè pwogram REACH la lè pwojè a fini, lè li anliy epi ap jenere revni, ak yon sib 2027.

NYPA te anonse resaman Somers Solar, yon pwojè pwodiksyon enèji solè 20 MW nan komin Fort Edward nan Konte Washington, k ap premye pwojè enèji renouvlab dapre otorite elaji a.

#### **Otorite elaji NYPA a pral devlope enèji renouvlab**

Bidjè Eta yo Adopte pou Ane fiskal 2023-24 la te otorize NYPA pou avanse enèji renouvlab ak sipòte priyorite eta yo, sou baz efò NYPA ki egziste deja pou bay kouran pwòp, abòdab epi elaji sistèm transmisyon Nouyòk la. Espesyalman, otorite elaji sa a te mande pou NYPA akselere devlopman enèji renouvlab, sipòte fòmasyon mendèv, etabli pwogram REACH (Aksè Enèji Renouvlab ak Èd Kominotè) la, sipòte efò

dekabonizasyon atravè eta a, ak dezaktive ti izin gaz natirèl li yo nan Vil Nouyòk ak nan Long Island.

Depi lè Gouvènè Kathy Hochul te ratifye Bidjè 2023-2024 Eta a an Iwa, NYPA te fè anpil pwogrè, tankou etabli novo estrikti biznis, konble wòl kle yo, epi fè premye pwojè yo pwogrese. NYPA te kreye tou yon filyal pou fasilité kapital ekstèn epi pwoteje kont risk pwojè yo.

Otorite Enèji a, atravè filyal li a ke li posede totalman ki se Sosyete Pòtfèy Developman Enèji Renouvlab Nouyòk (New York Renewable Energy Development Holdings Corporation, NYRED), ap konstwi pwojè pwodiksyon solè 1.5 MW la.

Nan janvye 2025, Otorite Enèji a te pibliye inogirasyon [Plan Estratejik Renouvlab](#) li yo pou devlope novo pwojè jenerasyon renouvlab pou bay Nouyòkè yo elektrisite abòdab, fyab, ak san emisyon. Plan an esplike 37 pwojè atravè Eta Nouyòk, ki reprezante yon potansyèl plis pase 3 GW enèji renouvlab. Plan an reflete tou opinyon plizyè milye moun ki gen enterè nan tout eta a, li fikse priorite pou pwojè yo pral avanse pandan de ane k ap vini yo epi li gen ladann pouswit pwojè adisyonèl nan pwochen mizajou plan an.

**Senatè Eta a Kevin Parker te deklare**, "Pwojè sa se yon egzanp pwisan de kijan lidèchip ki odasye ak patenarya inovan ka transfòme espas ki mal itilize yo an sous enèji pwòp, renouvlab. Lè nou prioyize ekite atravè pwogram REACH la, nou p ap sèlman fè dirabilite pwogrese men n ap livre benefis ki tanjib pou fanmi ki pi nan bezwen yo. Albany ap fikse nòm sou jan pwogrè klima entelijan ta dwe ye nan Eta Nouyòk."

**Senatè Eta a, Pat Fahy, te deklare**, "Nouyòkè yo ap goumen chak mwa ak ogmantasyon depans nan enèji ak bòdwo sèvis publik. Se poutèt sa n ap envesti nan sous enèji ki pi bon mache, pi pwòp tankou enèji solè, k ap ede nou diminye demann pou gaz natirèl chè k ap ogmante ak nouvèl enfrastrikti. Sou-lokasyon yon fèm solè ak yon dechaj ki egziste se yon bon egzanp kijan eta a ka enplante enèji solè nan fason ki responsab, atenn objektif klima anbisyen nou yo nan fason kreyatif, epi finalman diminye chaj sèvis publik ki peze sou tèlman anpil fanmi isit la nan 46yèm Distri a ak Rejyon Kapital la."

**Manm Asanble Didi Barrett te deklare**, "Nouvo pwojè enèji solè sa nan dechaj fèmè Albany an, ki se premye pwojè dapre otorite elaji NYPA a, se kalite enplantasyon ke nou ta dwe prioyize nan Eta Nouyòk. Lè pati ki konsène yo travay ansanm, nou ka idantifye sit pou pwojè enèji ki itilize anpil teren endistriyèl atravè Eta a, olye nou enplante yo sou teren agrikòl premye chwa yo."

**Manm asanble Gabriella A. Romero te deklare**, "Pwojè sa se yon etap enpòtan pou pwogram REACH la ak pou efò enèji renouvlab yo nan Eta Nouyòk. Lè nou diminye depans enèji pou rezidan Albany yo epi fè objektif klima nou yo pwogrese, sa fè tout

moun genyen. Mwen aplodi NYPA ak Majistra Sheehan pou angajman kontini yo pou dirabilite ak enèji renouvlab bon mache."

**Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare**, "Pwojè sa se yon aksyon kote tout moun genyen pou Albany ak Eta Nouyòk. Lè nou transfòme dechaj fème sa an yon sous enèji renouvlab, nou p ap sèlman fè objektif klima nou yo pwogrese, men n ap livre benefis dirèk tou a fanmi ki pi nan bezwen yo. Pwogram REACH la bay egzanp de kijan envestisman publik ka diminye depans enèji pou fanmi k ap travay yo pandan l ap konstui yon avni ki pi dirab. Mwen felisite NYPA ak Majistra Sheehan pou lidèchip ak kolaborasyon yo sou pwojè ki pote transfòmasyon sa."

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare**, "Mwen aplodi Otorite Enèji Nouyòk ak Vil Albany pou plan sa pou transfòme yon dechaj ki mal itilize an yon sous enèji pwòp, renouvlab. Lè li fini, pwojè sa ap pwodui ase elektrisite pou alimante plizyè santèn kay chak ane, k ap diminye enpak kabòn vil la anpil epi fè ekonomi lajan kontribyab yo alontèm. Mwen fyè dèské nou priyorize enèji renouvlab pandan dire mwen antanke Kad Egzekitif Konte a, e pwojè sa ap konplete seri solè nou te antame ane pase a sou tout Wout Watervliet Shaker nan Komin Colonie. Ansanm, n ap pwouve ke dirabilite ak gouvènans entelijan mache men nan men. Se sèlman kòmansman sa nou ka akonpli ansanm lè nou bay enfrastrikti entelijan ak responsablité anviwònmantal priyorate."

**Komisè Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal la, Amanda Lefton, te deklare**, "Nouvo pwojè enèji solè nan dechaj fème Shaker Park/Nò Albany an se yon egzanp ekselan de kijan minisipalite yo ap itilize enèji solè pou diminye emisyon yo epi bese depans enèji pou rezidan yo. Avèk sipò pwogram Aksè nan Enèji Renouvlab ak Éd Kominotè (REACH) NYPA a, Albany ap eksplwate teren ki mal itilize yo nan tout sekirite epi nan fason ki reysi pou ede eksplwate enèji renouvlab. DEC felisite tou Vil Albany dèské li atenn sètifikasyon ajan an atravè program Kominote Klimatik Entelijan an, ki se pi gwo deziyasyon ki disponib epi ki reprezante aksyon ki oryante klima lokalman pou diminye polisyon epi ranfòse rezistans nan kominote Rejyon Kapital yo ak atravè eta a."

**Komisè Sèvis Administratif Albany an, Ann Marie Salmon te deklare**, "Patisipasyon nan pwojè sa se yon siksè pou anviwònman an e rezidan k ap viv nan Albany epi toupre yo ki benefisyé de bòdwo elektrisite ki pi ba yo genyen."

**Direktè Dirabilite Albany an, Jason West te deklare**, "Sou dire vi pwojè sa, y ap ajoute plis pase 2,268 MWh/ane enèji pwòp nan rezo a, k ap evite yon estimasyon 21,995 tòn emisyon gaz efè sèr. Se ekivalan emisyon ki absòbe pa 329,928 pye bwa ki plante epi kiltive pandan dis an."

#### **Angajman pou Itilizasyon Teren ak Enèji Renouvlab (Commitment to Land Use and Renewable Energy) Eta Nouyòk**

Pwojè sa konplete efò Eta Nouyòk pou ankouraje konsiderasyon dechaj fèmen yo, teren endistriyèl aseni yo, ak lòt sit ki mal itilize pou enèji renouvlab. [Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal Eta a te pibliye gid](#) pou pwojè enèji solè fotovòltayik yo

nan dechaj fèmen yo pou ede minisipalite yo abòde karakteristik ki pa tikilye a sit la pou yon pwojè, epi asire pwoteksyon yo rete anplas pandan enstalasyon solè a.  
Solarizasyon ak re-devlopman ansyen dechaj ak dechaj ki pa itilize se egzanp prensipal patenarya stab ak lokal ki pi bon, espesyalman pandan moman enpòtan sa kote y ap anile politik ak pwogram yo nan nivo federal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)